



Chè fanmi,

Otòn lan prèske rive! Si w poko genyen yon òf pou pitit ou a oswa ou fèk demenaje epi w bezwen yon nouvo lekòl oswa pwogram, vin patisipe avèk nou an jiyè oswa out nan yon sesyon enfòmasyon vityèl.

Pandan chak sesyon enfòmasyon vityèl yo, nou pral pale sou:

- Kòman pou jwenn enfòmasyon sou lekòl ak pwogram
- Kòman pou ajoue tèt ou sou lisdatant pwogram
- Kòman lisdatant yo fonksyone ak kòman pou navige nan MySchools
- Kòman pou aksepte òf lisdatant

Tanpri gade detay sou chak sesyon yo pi ba a:

- **14 jiyè, 11am-12pm** | N ap bay entèprèt nan: Kantonè, Mandaren, Panyòl
- **28 jiyè, 2pm-3pm** | N ap bay entèprèt nan: Bangla, Mandaren, Panyòl
- **11 out, 1pm-2pm** | N ap bay entèprèt nan: Madaren, panyòl, oudou
- **25 out, 5:6pm pou 6:30pm** | N ap bay entèprèt nan: Kreyòl ayisyen, koreyen, ris
- **31 out, 5:30pm pou 6:30pm** | N ap bay entèprèt nan: arab, bangla ak fransè

Ou pa bezwen enskri pou patisipe! Nou ap voye yon rapèl pa imèl pi prè dat chak sesyon ki gen plis enfòmasyon sou jan pou vin patisipe, ansanm avèk jan pou jwenn sipò pou entèpretasyon nan lang ou (gade lang ki disponib yo pi wo a). Tanpri sonje diferan sipò nan lang pral disponib nan diferan dat.

Ou gen kesyon? Ou ka kontakte ekip nou an nan ESEnrollment@schools.nyc.gov oswa 718-935-2009.

Bon siksè,

Ekip admisyon lekòl primè ak Pre-K/3-K a, Biwo Enskripsyon Elèv